

## **BAB V**

### **KACINDEKAN JEUNG SARAN**

#### **5.1 Kacindekan**

Luyu jeung tujuan nu rék dihontal sarta pedaran dina bab IV, ieu panalungtikan téh miboga tujuan ngadéskripsiéun ajén falsafah tradisi hatam Al-Quran dina upacara kawinan Désa Citanglar Kecamatan Suradé Kabupaten Sukabumi. Sabada ngayakeun obsérvasi di lapangan, ngumpulkeun data, ahirna nu nulis tepi kana kacindekan.

Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode deskriptif, anu ngagambarkeun kabudayaan masarakat Désa Citanglar Kécamatan Suradé Kabupaten Sukabumi. Populasi nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tradisi Hatam Al-Quran dina Upacara Kawinan di Désa Citanglar Kecamatan Suradé Kabupaten Sukabumi. Sampel anu digunakeun dina ieu panalungtikan ngagunakeun *purpose sample*, hartina sampel nu digunakeun nya éta sampel anu ngarojong kana hasil panalungtikan.

Tina hasil analisis data, katiténan loba hal anu penting anu kapaluruuh ngeunaan kahirupan masarakat Désa Citanglar, anu sabagian masih aya anu hirup dina kabasajanan, hususna mah masarakat Kampung Cimahi. Sabada nu nulis niténan tur nganalisis pamanggih-pamanggih nu kapaluruuh dina hasil panalungtikan. kacindekanana nya éta saperti ieu di handap.

1. Prak-prakan upacara kawinan di masarakat désa Citanglar teu jauh béda

jeung prak-prakan upacara kawinan daerah séjénna. Anu jadi pangbéda

2. jeung upacara kawinan adat Sunda umumna nya éta aya hatam Al-Quran.

Prak-prakan hatam Al-Quran ieu dilaksanakeun ku pangantén awéwé.

Runtuyan hataman nya éta : santri-santri nadomkeun pupujian bubuka

(*Assalamualak jeung sembah nuhun* ),

hatam Al-Quran (pngantén awéwé) surah-surah nu dihatamkeun nya eta :

*Surah Al-Fatiyah, surah At-Takasur, surah Al-Ashr, surah Al-Humazah,*

*surah Al-Fil, surah Quraisy, surah Al-Ma'un, surah Al-Kautsar, surah Al-*

*Kafirun, surah An-Nashr, surah Al-Lahab, surah Al-Ikhlas, surah Al-*

*Falaq, surah An-nas.*

Du'a Hotmil Quran (Guru ngaji); santri-santri nadomkeun pupujian

panutup (*YaNabi, Panuhun Pangantén, jeung Sholawatan*).

3. Dina tradisi hatam Al-Quran dina upacara kawinan miboga ajén inajén

falsafah Islami jeung Sundawi. Ajén budaya nu kapanggih dina tradisi

hatam Al-Quran dina upacara kawinan ieu nya éta ajén budaya hubungan

manusa jeung *kholikna* (Alloh), anu ngawengku ngadu'a, percaya jeung

iman ka Alloh swt, jeung rasa sukur. Ajén budaya hubungan antara

manusa jeung sasamana, hubungan manusa jeung dirina, sarta hubungan

manusa jeung alam sabudeureuna.

4. Tradisi hatam Al-Quran dina upacara kawinan ngan ukur salah sahiji tina

sajumlahing tradisi-tradisi nu séjéna nu aya di unggal daerah, hususna

Jawa Barat. Tradisi hatam Al-Quran ieu mibanda harti nu penting pikeun

ngabina sosial budaya masarakat pangrojongna. Pungsi tradisi hatam Al-

Quran dina upacara kawinan ieu nya éta salaku alat mageuhan norma-norma sarta ajén-inajén budaya anu geus lumaku sacara turun-tumurun.

## 5.2 Saran

Adat kabiasaan hiji daerah katut kabiasaan masarakatna nambahann karagaman budaya nu aya di masarakat. Sagala aktivitas masarakat dina hirup kumbuhna tangtu teu lepas tina norma-norma atawa aturan nu lumaku di éta masarakat. Ku lantaran kitu, urang kudu bisa ngajaga tur ngamumulé éta tradisi sangkan bisa dirasakeun ku generasi sanggeus urang, sabab tradisi téh mangrupa cicirén hiji masarakat.

Perlu ayana tarékah ti masarakat sangkan merhatikeun ajén-ajén jeung ngalapkeun dina kahirupan sapopoéna, teu bisa diukur ku harta banda, tapi bisa katiténan dina sikep, ucapan, jeung paripolah masarakatna. Saran-saran liana nya éta saperti ieu di handap :

- 1) Pikeun pihak lembaga pendidikan, panalungtikan ieu bisa dijadikeun alternativ bahan ajar, sabab dijerona leubeut ku falsafah jeung ajén-inajén pendidikan hususna ajén kabudayaan.
- 2) Pikeun pihak masarakat, tradisi hatam Al-Quran dina upacara kawinan kudu miara jeung neruskeun tradisi ieu, ogé mibanda ajén nu positif.
- 3) Pikeun individu nu ngalakonana, falsafah nu nyampak dina tradisi hatam Al-Quran dina upacara kawinan mangrupa paripolah nu kudu dimumulé nepi ka bisa diaplikasikeun dina ngambah kahirupan rumah tangga jaga.